Алмахъ рикIкIад буго,

□□□□□□□□ чу хIалакъ буго …

Къали кIутIичIони гьал дир кIутIбуца

Ихтияр кьоларо кечI-бакъаналъе.

ХъахIаб гьумералъул гургинал берал,

Сахго гIатIал цIурай тIехIай дир гьудул.

Алмахъ рикIкIад буго, чу хIалакъ буго,

Гьанже мун ячине дир чара гьечIо.

Эбел-инсул адаб гIодобе рехун,

Нухда чан гьабулей чалухъай гьудул.

Лъабкъоялда анцIилъ гIумро барав дун,

ГIолохъанчи гьанже дуе лъвинарев,

ТIолго рас хъахIлъараб гьаб дир магжида

ЧIегIераб рас бакки щакаб жо буго.

КъулгIадухъ ццулъарал къоролзабаца

Дуе къор гъун толеб хасият буго.

КъулгIадухъ рачIунел гIолилал ясал,

Къоролалъул гIакъло гIадахъ босуге.

Рукъалде мугъ рехун къулгIадухъ рахъин

Силъун бихьун бугин къоролзабазда.

Росалгунги кьаллъун къотIнов гьудул кквей

Ирслъун бихьун бугин къоролзабазда.

Жидерго курсазда ясал куцизе

Макраби рукIунел къоролзабазухъ.

КъулгIадухъ рачIунел гIолил ясазда

Нужерго гIадалъан гIакъло малъуге.

БукIараб замана СагитхIажилги

Maxlo беканиги галадулареб.

Бихьулищ къоролалъ дуда малъулеб

Херав Сагитхlажи къвалакь кквейилан.

Хъахlаб дир магжида кверал рахъизе

Кин хиял гьабурай гьалагай дуца.

Херав Сагитхlажихъ гlанса бегьун те,

Гlолилав васасул къвалакье лъугьа.

Рукъой лъади йиго гъалал хъахlлъарай,

Гъолда къвалакьго лъикl Сагитхlажие.

Халат къвалакь ккураб лаченги хисун

Чаргъадил бусада рекъон ккеларо.

ТIинчIай ясги ячун росолъ вачIани,

Алмахъ росдал хераз гIайиб чIваларищ.

Къвалакье мунги къан, къотIнов вахъани

Гьаглъун вугин дунан, махал ран тела,

Сонал данде ккунин ригьин гьабулеб…

ГохIда бекьани хур ракъдалаб ккола,

Хьонлъода бекьани раччдалаб ккола,

РитIлада бекьани хур лъикI бачIуна,

Къулгlа хьихьун ругел къоролзабазе

Анищазги бекьун хур бачlинаро.

Биллил шурмазухъе ракlал щущаял,

Щварал россал хьихьун хьвадизе лъачlел.

Щобда бекьаниги хур бачlунгеял,

Хиялазда рухьун намусго гьечlел,

Чвахул ганчlазукье гарбал ккаял нуж,

Гьаб дир чалмаялъул адаб гьабичlел.

Рокьол чlор речlчlарав чlаго толарин,

Чlаго Сагитхlажи виччанте нухда.

Къулгlадухъ гlодор чlа дун вачlинегlан,

Сапаралъ кватlани тlад вуссинаро.

Сагитхажи Саримирзаев, Алмак